

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun maluruh galuring hirup pangarang novel *Sabalakana*, kalungguhan sosial pangarang novel *Sabalakana*, fakta carita dina novel *Sabalakana* jeung kasaluyuan antara galuring hirup, kalungguhan sosial pangarang jeung fakta carita dina novel *Sabalakana*. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif-analitik, kalayan ngagunakeun tehnik studi pustaka, wawancara jeung dokuméntasi. Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta Sosiologi Sastra jeung Struktural jeung Sosiologi Sastra. Pikeun nalungtik perspéktif biografis dina novel *Sabalakana*, panalungtik ngagunakeun konsép sosiologi sastra Wellek & Warren.

DS lahir ti kulawarga basajan. Indungna Entin, bapana Rochmat. Nganjrek di lembur anu nyingkur, tegesna di Dusun Pasirloa RT 01/09, Desa Kadakajaya, Kacamatan Tanjungsari, Kabupatén Sumedang, 22 Pébruari 1978. Ti leuleutik, DS boga pangaresep taya lian kana nulis jeung ngoprék komputer. Keur rumaja DS mimiti aktif nulis jeung jadi loper koran. Tulisanana remen dimuat dina majalah Manglé sarta kungsi jadi pinunjul ka-3 Ngarang Carpon Hadiah Sastra D.K Ardiwinata. Nincak déwasa, DS beuki jejem kana nulis sabada eureun kuliah, alatan kapahung ku pasualan béaya. DS aktif ngokolakeun organisasi kapamudaan selang-selang ti babantu di désa.

DS miboga kalungguhan di lingkungan sosialna. Di kulawargana, DS kawilang macakal boh tina jihat atikan, boh ékonomina, dibandingkeun jeung adina. Nu matak DS jadi *tulang punggung* nepi ka kiwari. Sabada migarwa Dede Elin Herlina, DS boga budak nya éta Dafandryan Argya Adhikara. Di lingkungan masarakat, DS kawilang aktif, boh dina widang organisasi kapamudaan boh dina widang kasenian. Ku sabab ti leuleutik resep nulis, nepi ka kiwari pakasaban DS teu jauh ti dunya nulis. Sanggeus jadi wartawan di Manglé, DS jadi réngréngan redaksi Pamedal Kiblat Buku Utama jeung redaktur Majalah Sunda Cupumanik nepi ka jadi pamingpin redaksina. Tulisan-tulisanna ogé beuki pohara tur réa dimuat jeung dibukukeun.

Fitriya Aulia Rachma, 2016

PERSPÉKTIF BIOGRAFIS NOVEL SABALAKANAKARYA DADAN SUTISNA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Fakta carita anu nyampak dina novel *Sabalakana* ngawengku galur, karakter jeung latar. Galur novel *Sabalakana* dibagi kana dua peristiwa gedé, anu dijeronna diwangun ku sababaraha kajadian. Dua peristiwa éta téh nya éta maotna Rastiti jeung nerekabna wabah sabalakana. Karakter/tokoh nu kapanggih dina novel *Sabalakana* téh kalintang réa tur miboga watek anu mandiri. Tapi aya 22 tokoh anu ngadominasi carita diantarana Santana, Rastiti, Lebé Unang, Gayatri, Nyi Idah, Gan Kosim, Ki Ulis, Olot Dayat, Nini Énti, Ucup Kadék, pamajikan Ucup Kadék, Panghulu, Kuwu Iros, Onah, Ki Jémbros, Hansip Sarmud, Asép Jitu, Aki Santana, Kang Sudira, Ceu Santini, Wa Enong jeung Ujang Bebung. Latar anu kapaluruh dina novel *Sabalakana* ngawengku latar tempat, latar waktu jeung latar sosial. Aya 105 latar tempat, 118 latar waktu, jeung 6 latar sosial.

Galuring hirup jeung kalungguhan sosial pangarang DS téh tétéla gedé pangaruhna kana novel *Sabalakana*. Ieu hal katitén tina lobana kasaluyuan antara galuring hirup, kalungguhan sosial pangarang DS jeung fakta carita nu nyampak dina novel *Sabalakana*, diantarana: panganjrekan, pamadegan (idéologi politik), pangaresep DS. Lian ti éta kahirupan sosial, organisasi masarakat, ngaran-ngaran tokoh anu aya dina lingkungan sosial DS ogé luyu jeung fakta carita nu kapanggih dina novel *Sabalakana*.

5.2 Saran

Ieu panalungtikan ngeunaan perspektif biografis dina novel *Sabalakana* karya Dadan Sutisna téh ngagunakeun métode déskriptif-analitik, anu ngagambarkeun fakta carita nu nyampak dina novel *Sabalakana*. Éta fakta carita téh laju dipakaitkeun jeung biografi pangarang nu ngawengku galuring hirup jeung kalungguhan sosial pangarang.

Dumasar kana hal éta, disarankeun sangkan panalungtikan ngeunaan perspektif biografis leuwih dironjatkeun deui, pikeun ngeuyeuban data biografi atawa galuring hirup pangarang Sunda. Lian ti éta, ieu panalungtikan téh murni ulikan sastra. Ku kituna, perlu aya panalungtikan kana karya sastra Sunda—lain baé prosa karangan Dadan Sutisna—dumasar aspék sosiologi sastra, anu museurkeun paniténna atawa dipatalikeun kana pangajaran basa jeung sastra Sunda di sakola.